

INDIAN RIVER SCHOOL DISTRICT

“A Model of Excellence”

Dat:

Chè Paran/Responsab,

Ministè Edikasyon Delaware (Delaware Department of Education) ak Divizyon Sante Piblik nan Ministè Sante ak Sèvis Sosyal Delaware (Delaware Department of Health and Social Services' Division of Public Health) te mande pou nou ofri w enfòmasyon konsènan pratik ki lye ak COVID-19.

Nou mande pou etidyan yo ak/oubyen fanmi yo ranpli yon evalyasyon medikal ki konpoze de yon kontwòl pèsònèl chak maten anvan li ale lekòl.

Konsiderasyon adisyonèl:

Tanpri reponn kesyon k ap swiv yo:

- Nan 14 dènye jou yo, èske w te vini pre (nan distans 6 pye pandan omwen 15 minit) de yon moun ki gen yon ka COVID-19 ki konfime nan laboratwa, oubyen èske ou te gen kontak dirèk ak mikis ou byen saliv yo?
- Nan dènye 48 èdtan tan yo èske w te genyen youn nan sentòm k ap swiv yo?
 - Lafyèw ki 100.4 F oubyen pi wo (oubyen sentòm tankou tranble ak swe nan fason altène)
 - Nouvo tous
 - Nouvo difikilte pou w respire, souf kout, oubyen sifleman sevè
 - Nouvo frison oubyen tranbleman ak frison
 - Nouvo doulè nan mis
 - Gòj fèmal
 - Vomisman oubyen dyare
 - Nouvo pèt sant oubyen gou, oubyen yon chanjman nan gou
 - Kè plen
 - Fatig
 - Tèt fèmal- konjesyon nazal oubyen ekoulman nazal (san pyès lòt koz ou konnen tankou alèji)

Si w te reponn **WI** a nenpòt nan kesyon anwo yo, PA voye pitit ou an lekòl jodi a. Olye de sa, kontakte founisè swen sante primè timoun ou an ansanm ak enfimiyè lekòl la.

(Yo te adapte zouti depistaj sa a apati Depistaj Pèsònèl pou COVID-19 Mayo Clinic genyen anliy lan. Pou itilize zouti anliy Mayo Clinic lan, vizite <https://mayoclinic.org/covid-19-self-assessment-tool>)

- Etidyan yo dwe rete lakay yo si yo montre kèlkeswa sentòm COVID-19 oubyen yo te konfime yo gen COVID-19 oubyen si DPH ekzije pou izole oubyen antre an karantèn.
- Kenbe timoun ki malad lakay ou; pa voye yo lekòl. Pa voye timoun yo lekòl ak yon lafyèw 100.4° oubyen pi wo.
- Aprann timoun ou yo pou yo lave men yo souvan ak savon ak dlo pandan 20 segonn.
- Elèv ki nan klas PreK-12 dwe mete kouvèti twal nan bilding lekòl la, eksepte lè yo fè sa ta anpeche sante moun nan.
- Aprann timoun ou yo pou yo kouvri tous oubyen etènnye nan tisi oubyen touse anndan koud yo.
- Aprann timoun ou yo pou yo pratike distans fizik ak sosyal lè yo rete omwen sis pye distans ak moun ki pa manm fanmi w.

Si w gen kesyon, tanpri kontakte enfimiyè lekòl ou an oubyen founisè swen sante primè timoun ou an. Ou kapab rele tou lekòl ou nan (302) _____. (ENSERE NIMEWO)

Pou enfòmasyon oubyen kesyon jeneral sou COVID-19 ak prevansyon, vizite sit wèb Divizyon Sante Piblik nan Ministè Sante ak Sèvis Sosyal Delaware nan <https://coronavirus.delaware.gov/> oubyen ou ka rele 2-1-1 oubyen voye kòd postal ou kòm yon mesaj tèks bay 898-211 pou moun ki soud oubyen gen difikilte odisyon.